

Anpwazonnman ak Tès Plon pou Timoun

Plon anpwazonnen timoun yo lè li antre nan kò yo. Pifò ka anpwazonnman plon nan Massachusetts gen rapò ak penti ak pousyè tè ki nan kay ki te bati anvan 1978.

Lè penti plon dekalè ak fann, li kreye kal penti ak pousyè. Pousyè plon kapab tou soti nan: louvri ak fèmèn vye fenèt; ak reparasyon oswa renovasyon ansyen kay yo. Yon fwa ke li nan lè a, timoun yo ka respire pousyè plon. Li kolekte tou sou sifas, tankou planche ak jwèt, epi antre nan kò a lè yon timoun mete objè a nan bouch li.

Pifò timoun ki anpwazonnen ak plon pa montre oswa pa aji tankou yon moun ki malad. Gen kèk timoun ki ka gen vant fè mal; pwoblèm pou manje oswa dòmi; maltèt; oswa pwoblèm pou peye atansyon. Paske sentòm sa yo trè komen, sèl fason pou w konnen si pitit ou a anpwazonnen ak plon se fè tès yo.

Menm nivo plon ki ba yo ka domaje sèvo a, ren yo ak sistèm nève a pou tout tan; ralanti kwasans ak devlopman; domaj nan tande ak lapawòl; epi lakòz pwoblèm aprantisaj ak konpòtman.

Timoun yo ta dwe teste nan laj 1, 2, 3, ak 4 lane. Pran yon randevou ak doktè w pou teste pitit ou a pou plon.

Tès plon yo disponib nan biwo pedyat ou a, ak nan sant sante fanmi/kominotè. Si pitit ou a gen 4 lane oswa pi piti, yo ta dwe fè tès pou plon an chak ane. Kidonk, lè w ap resevwa founiti lekòl ete sa a, pa bliye ajoute tès anyèl plon pitit ou a nan lis la!

Pou plis enfòmasyon, rele Liy Èd CLPPP an nan: 1-800-532-9571 (Lendi-Vandredi 9am-5pm).